

BAB III

MÉTODE PANALUNGTIKAN

3.1 Méthode Panalungtikan

Méthode asal kecapna tina basa Latén nya éta *methodos*, nu miboga harti cara-cara pikeun maham kana kanyaataan (*realitas*) dumasar léngkah-léngkah nu sistematis pikeun ngungkulan runtuyan sabab akibat (Ratna, 2010, kc. 34).

Méthode panalungtikan nya éta cara nu digunakeun ku panalungtik dina ngumpulkeun data panalungtikanana. Métodena nya éta bisa ngaliwatan angkét, wawancara, observasi, tés, dokuméntasi (Arikunto, 2010, kc. 203).

Méthode nu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta méthode déskriptif analitik. Méthode déskriptif analitik nya éta méthode nu ngadéskripsikeun fakta-fakta nu satuluyna disusun ku cara nganalisis. Sacara étimologis déskripsi jeung analisis miboga harti méré pamahaman jeung ngajelaskeun (Ratna, 2010, kc. 53). Dina ieu panalungtikan, éta méthode téh pikeun ngadéskripsikeun rumpaka *Tembang Pasantrén Hariring Dangding Cigawiran* dumasar kana pamarekan struktural jeung sémiotik kana rumpakana.

3.2 Téhnik Panalungtikan

Kecap téhnik asalna ti basa Yunani nya éta *teknikos* nu miboga harti alat atawa seni ngagunakeun alat (Ratna, 2010, kc. 37). Téhnik nu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta téhnik studi pustaka jeung analisis data.

Studi pustaka nya éta téhnik nu digunakeun pikeun nganalisis data nu sumberna ti pabukon saperti tina buku-buku, dokumén-dokumén nu bisa dijadikeun sumber pikeun nyusun laporan ilmiah (Fathoni, 2006, 95).

Analisis data nya éta prosés néang jeung nyusun data sacara sistematis ku cara maparkeun tuluy nyindekkeun sangkan urang bisa maham (Sugiyono, 2008, kc. 244). Téhnik analisis digunakeun pikeun nganalisis data nu aya dina *Tembang Pasantrén Hariring Dangding Cigawiran* karya K. R. Iyet Dimiyati dumasar kana ulikan struktural jeung sémiotik.

3.2.1 Téhnik Ngumpulkeun Data

Téhnik nu digunakeun dina ngumpulkeun data nya éta studi pustaka. Téhnik studi pustaka digunakeun pikeun ngumpulkeun data maké cara nalaah sababaraha pustaka sangkan bisa neuleuman téori nu aya patalina jeung masalah nu rék ditalungtik. Ieu di handap dipedar léngkah-léngkahna.

- 1) Maca rumpaka *Tembang Pasantrén Hariring Dangding Cigawiran*;
- 2) Maca buku nu aya patalina jeung masalah sarta nu bisa dijadikeun sumber dina panalungtikan;

3.2.2 Téhnik Ngolah Data

Téhnik ngolah data dina ieu panalungtikan nya éta téhnik analisis. Ngaliwatan ieu téhnik, dipiharep analisis struktural jeung sémiotik dina rumpaka *Tembang Pasantrén Hariring Dangding Cigawiran* bisa didéskripsikeun kalayan jéntré. Data nu dikumpulkeun dina ieu panalungtikan satuluyna dianalisis dumasar kana léngkah-léngkah ieu di handap.

- 1) Nganalisis dumasar kana ulikan struktural jeung sémiotik kana rumpaka nu aya dina *Tembang Pasantrén Hariring Dangding Cigawiran*;
- 2) Unggal data nu kapanggih dina *Tembang Pasantrén Hariring Dangding Cigawiran* maké kode nu tangtu. Bisa katitén dina tabél 3.2 di handap.

Conto kode : Gandrung (02.01.07)

02 : no urut tembang

01 : pada

07 : padalisan

- 3) Nyieun kacindekan ngeunaan hasil analisis struktural jeung sémiotik.

Tabél 3.1

Data Nomer Urut Tembang

No.	Kode Tembang	Judul Tembang	Keterangan
1	2	3	4
1.	01.xx.xx	Muqoddimah	Dianalisis
2.	02.xx.xx	Gandrungan	Dianalisis
3.	03.xx.xx	Keluar Nyawa	Dianalisis
4.	04.xx.xx	Ahli Mayit	Dianalisis
5.	05.xx.xx	Siksaan Kubur	Dianalisis

6.	06.xx.xx	Sinom	Dianalisis
7.	07.xx.xx	Pangkat	Dianalisis
8.	08.xx.xx	Patrol	Dianalisis
9.	09.xx.xx	Daqo'iqul Akhbar	Dianalisis

3.3 Instrumén Panalungtikan

Instrumén nya éta alat atawa *fasilitas* nu digunakeun ku panalungtik dina ngumpulkeun data sangkan prosés dina nyusunna leuwih gampang ogé hasilna leuwih alus, lengkep, jeung sistematis (Arikunto, 2010, kc. 203). Dina ieu panalungtikan, instrumén nu digunakeun nya éta kartu data. Gunana pikeun ngumpulkeun jeung mindahkeun data nu geus aya sangkan gampang dina ngainterpretasina. Instrumén panalungtikan katitén saperti tabél di handap.

Tabél 3.2

Conto Kartu Data

Format tabél analisis struktural

(Imaji, Simbol/Lambang, Musikalitas/Wirahma, Suasana, Téma, Gayabasa)

No.	Kode	Objék Analisis	Interprétasi
1	2	3	4

Tabél 3.3

Conto Kartu Data

Format tabél analisis unsur sémiotik

(Ikon, Indéks, Simbol)

No.	Kode	Objék Analisis	Interprétasi
1	2	3	4

3.2.1 Sumber Data

Arikunto (2010, kc. 172) méré gambaran yén sumber data dina panalungtikan téh mangrupa subjék pikeun dijadikeun data panalungtikan. Upama panalungtik ngagunakeun dokuméntasi, ku kituna dokumén atawa catetanana nu jadi sumber data, sedengkeun eusi catetanana mangrupa subjék panalungtikan.

Klasifikasi sumber data nurutkeun Arikunto (2010, kc. 172) kabagi jadi tilu tingkatan huruf *p* tina basa Inggris. *P = person*, sumber data mangrupa jalma. *P = place*, sumber data mangrupa tempat. *P = paper*, sumber data mangrupa simbol. *Person* nya éta sumber data nu bisa méré data mangrupa jawaban lisan ngaliwatan wawancara atawa jawaban tinulis mangrupa angkét. *Place* nya éta sumber data nu bisa ngébréhkeun tampilan tempat nu mangrupa kaayaan cicing (rohangan, kalengkepan alat, wujud benda, warna, jsb) atawa gerak (aktivitas, gerak tari, jsb). Objék tempat ieu dipakéna pikeun métode observasi. *Paper* nya éta sumber data nu ngébréhkeun tanda-tanda mangrupa huruf, angka, gambar, atawa simbol-simbol séjén. Sumber data dina ieu panalungtikan nya éta rumpaka tembang Cigawiran karya K.R. Iyet Dimiyati dina *Tembang Pasantren Hariring Dangding Cigawiran*.

3.4.1 Déskripsi Data

Tembang Pasantren Hariring Dangding Cigawiran mangrupa buku nu teu diterbitkeun sacara umum, tapi ngan saukur data nu dibeundeul pikeun cecepengan nu nyiptakeun rumpaka-rumpakana nya éta K.R. Iyet Dimiyati. Dijieunna ieu rumpaka téh ti taun 1964 tapi ari dibeundeulna mah bulan September taun 2011. Kandelna ieu data téh 18 kaca, nu ngawengku salapan judul tembang. Tembang kahiji judulna *Muqoddimah*, tembang kadua judulna



Gambar 3.1 Cover Buku

Gandrungan, tembang katilu judulna *Kaluar Nyawa*, tembang kaopat judulna *Ahli Mayit*, tembang kalima judulna *Siksaan Kubur*, tembang kagenep judulna *Sinom*,

tembang ka tujuh judulna *Pangkat*, tembang kadalapan judulna *Patrol*, jeung tembang kasalapan judulna *Daqo'iqul Akhbar*.

Dina jilid hareupna bisa katitén aya foto nu nyieun rumpaka-rumpakana nya éta K.R Iyet Dimiyati, ogé aya sababaraha foto nu mangrupa seniman tembang Cigawiran. Dina jilid tukangna mah polos euweuh gambaran, tapi aya tulisan ngeunaan kasenian tembang Cigawiran. Tulisanna sakumaha nu dipedar ieu di handap.

Cigawir... ma'na nu asal
 Cai nu ngalir na gawir
 Dugi ka Yaumal Jaza
 Mugi ulah saat deui
 Urang sungsi tur pilari
 Pibekeleun geusan hirup
 Aya naon di jerona
 Sihoréng wujudna seni
 Nu dicandak...
 Ku para 'Alim Ulama

3.4.2 Biografi Singget Seniman

K.R. Iyet Dimiyati gumelar di Garut kaping 12 Agustus 1942 ogé lulusan SR (*Sekolah Rakyat*) di taun 1958. Anjeunna téh kawéntar minangka tokoh seniman Cigawiran ogé salah sahiji katurunan kulawarga Hidayatun Sibyan nu boga peranan penting kana ditaratasna kasenian Cigawiran. Kalungguhanna ayeuna téh nya éta pimpinan ponpes di kampung Serang Désa Cigawir Kacamatan Selaawi.




Gambar 3.2 Foto Informan

3.5 Desain Panalungtikan

Nurutkeun Arikunto (2010, kc. 90) desain (*design*) panalungtikan nya éta rencana atawa rarancang nu dijieun ku panalungtik, pikeun dasar dilaksanakeunna kagiatan. Dina desain panalungtikan kudu aya: (1) judul panalungtikan nu nandeskeun masalah, (2) alesan ngayakeun panalungtikan, (3) tujuan panalungtikan, (4) kagunaan hasil panalungtikan, (5) landasan tiori, (6) talaah kapustakaan, (7) métodologi (ngawengku téknik sampling, métode ngumpulkeun data, jeung métode analisis data), (8) léngkah-léngkah jadwal panalungtikan, jeung biaya.

Desain nu dipaké dina ieu panalungtikan digambarkeun dina bagan ieu di handap.

Bagan 3.1 Desain Panalungtikan



3.6 Wangenan Operasional

Wangenan operasional dina ieu panalungtikan baris dipedar saperti ieu di handap.

- 1) Puisi nya éta karangan nu basana dirakit pinuh ku wirahma, kauger ku wangun jeung diksi, ungkara kalimahna henteu lancar atawa cara basa sapopoé.
- 2) Tembang Cigawiran nya éta salah sahiji bentuk kasenian tradisional Sunda lagam Cigawir atawa gaya ala Cigawir nu miboga ciri khas sorangan, Eusi jeung témana loba nu ngandung fatwa-fatwa nu sifatna ajakan, pangéling, peupeujeuh, jeung deui aya ogé nu sifatna hiburan.
- 3) Rumpaka dihartikeun téks lagu, sarua jeung *lirik* dina basa indonésia. Teu saeutik rumpaka lagu-lagu Sunda, utamana dina tembang, nu asalna tina karya sastra wangun dangding.
- 4) Strukturalisme asal kecapna “struktur”, hartina nya éta ayana hubungan anu tetep antara kelompok-kelompok gejala atawa unsur. Éta kaitan atawa hubungan téh saéstuna anu nangtukeun sarta ngécéskeun saban-saban objék nu ditalungtik.
- 5) Sémiotika asalna tina basa Yunani *semeion*. Saterusna sémiotika dihartikeun élmu tanda. Wangenan éta dimekarkeun deui jadi salasahiji cabang élmu anu urusanna jeung pengkajian tanda jeung sagala hal nu aya patalina jeung tanda, saperti sistem tanda, sistem tanda jeung prosés nu berlaku dina dipakéna tanda.